



# KONPRANN SA MAGOUY NAN ASIRANS CHOMAJ (UI) YE

## KI SA MAGOUY NAN ASIRANS CHOMAJ (UI) YE?

Magouy nan Asirans Chomaj (UI) se lè yon moun fè espre li bay enfòmasyon ki pa laverite, li pa bay prèv, pou l ka jwenn lajan asirans chomaj li pa kalifye pou l resevwa.

### MEN KÈK EGZANP MAGOUY NAN ASIRANS CHOMAJ:

- Bay enfòmasyon ki pa laverite oswa pa bay enfòmasyon lè w ap aplike pou lajan yo bay pou Asirans Chomaj (UI)
- Fè espre w bay salè ki pa kòrèk
- Di w ka travay e w disponib pou w travay, oswa ou toujou ap chèche travay, men se pa vre
- Ou pa rapòte TOUT lajan w antre anvan taks pandan semèn w ap depoze reklamasyon pou lajan yo bay pou Asirans Chomaj la
- Depoze yon reklamasyon sou non yon lòt moun, nimewo Sekirite Sosyal, oswa enfòmasyon travay li san l pa konnen oswa li pa bay otorizasyon pou sa
- Depoze yon reklamasyon pou yon moun ki nan prizon

### MEN KÈK EGZANP KONSEKANS KI GENYEN LÈ YON MOUN FÈ MAGOUY NAN ASIRANS CHOMAJ:

- W ap gen pou w remèt nenpòt lajan asirans chomaj ou te resevwa, k ap gen enterè sou li ak lòt penalite ki obligatwa.
- Ou ka PA ka resevwa lòt lajan pou asirans chomaj, jiskaske w fin peye dèt asirans chomaj la.
- Yo ka tou kenbe lajan taks eta a ak federal ou a pou peye dèt ou a.
- Eta a ka rele w lajistis, e sa ka rive w al nan prizon.

### NOU BEZWEN W EDE NOU KONBAT MAGOUY NAN ASIRANS CHOMAJ (UI)!

Si w konnen oswa ou sispèk yon moun ap fè magouy nan asirans chomaj, tanpri kontakte nou!

**Sou entènèt:** [on.ny.gov/uifraud](http://on.ny.gov/uifraud)

**Rele Liy Dirèk Asirans Chomaj la nan:**

1-866-435-1499

**POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON KONSÈNAN MAGOUY NAN ASIRANS CHOMAJ,**

ale sou [dol.ny.gov/report-fraud](http://dol.ny.gov/report-fraud)



Gade Gid Ki Bay Esplikasyon Sou Fason Nou Trete Reklamasyon Pou Asirans Chomaj yo